



Pou Piblikasyon Imedya: 04/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU DISKOU KONJWEN PREZIDAN TRUMP NAN KONGRÈ A

"Kou lavi a vrèman twò wo nan Nouyòk ak atravè Etazini. Men, diskou Prezidan Trump devan Kongrè a pa reyisi ofri yon sèl solisyon ki gen sans pou kriz abòdabilite a.

"An reyalitye, nou tande egzakteman opoze a: plan apre plan ki ta ogmante depans sou konsomatè yo. Prezidan an te double tarif li yo, ki t ap koute fanmi Nouyòk yo plis pase 1,200 chak ane epi devaste fèm fanmi nou yo. Li te mande Kongrè a anile Lwa sou CHIPS ak Syans lan, ki ta riske 50,000 djòb ak yon investisman 100 milya dola nan Santral Nouyòk. Epi yon fason etonan li rete an silans sou swen sante a — menm lè alye li yo nan Kongrè a menase pou retire pwoteksyon Medicaid pou plizyè milyon Nouyòkè.

"Men, se pa konsa nou fè bagay yo isit la nan Nouyòk. Mwen pral kontinye konsantre sou abòdabilite, batay pou pase yon bidjè ki bese taks pou klas mwayèn lan ak triple kredi taks pou timoun yo. Kèlkeswa istwa san sans ki soti nan Washington, m ap kontinye goumen pou m remete lajan nan pòch ou."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)